



# Gid Resous pou Paran (Parent Resource Guide)

## nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

### Kòmanse nan nesans rive senk (5) lane



STATE OF NEW JERSEY  
DEPARTMENT OF EDUCATION



# Gid Resous pou Paran

## nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

Gid resous paran sa a te kreye pou bay repons pou Lwa Biblik New Jersey 2019, Chapit 205, ki gen ladan rekòmandasyon Gwoup Travay sou Edikasyon moun ki Soud la te fè. Objektif li se ede fanmi yo kontwole epi swiv akizisyon langaj reseptif ak espresif ak etap enpòtan nan devlopman alfabetizasyon nan lang Anglè pou timoun depi nan nesans rive nan laj senk (5) lane ki Soud oswa ki Mal pou Tande.

Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande ki pa gen komunikasyon aksesib gen risk pou yo gen reta nan akizisyon langaj, kit se langaj reseptif oswa langaj ekspresif. Lis Etap pou Developman Langaj la se mezi enfòmèl ki fèt pou fanmi yo obsève ak anrejistre pwogrè pitit yo.

Gen anpil tablo etap devlopman langaj ki disponib, ki gen ladan yo Lis Etap Enpòtan Developman Langaj Kalifòni ki enkòpore ni langaj siy Ameriken (ASL) la ak ni Etap lang Anglè, ki kontni nan dokiman sa a. Ou ka jwenn yon lòt resous pou konprann konesans pitit ou ak devlopman langaj li pale sou sitwèb Asosyasyon Ameriken pou Patoloji Lapawòl-Lang ak Odyans (ASHA)\*\* la.

Sant pou Kontwòl Maladi (Center for Disease Control, CDC)\*\* gen yon sitwèb ki dekri anpil etap enpòtan nan devlopman, ki gen ladan tande ak langaj pale, ansanm ak devlopman sosyal epi emosyonèl, koyitif ak mouvman/fizik. Lis etap enpòtan yo ou ka enprime, yon bibliyotèk vidyeo ak foto etap enpòtan yo, ki klase dapre laj, ak yon Aplikasyon sou konpitè pou Siveyans Etap (Milestone Tracking App) ki disponib sou sitwèb CDC a.

Malgre yo pa espesifik pou devlopman langaj, gen anpil resous ki disponib pou fanmi yo sou anpil desizyon ki konsène edikasyon yon timoun soud oswa ki gen difikilte pou tande, ki gen ladan chwa komunikasyon, aparèy pou tande, enplantasyon nan zòrèy, ak sipò pou fanmi yo. Lè yo ap konsilte resous sa yo ak lè yo ap diskite avèk pwofesyonèl yo, fanmi yo ka jwenn li itil pou yo al gade Glosè Mo Difisil ki te devlope pa konsiltan New Jersey Sistèm Entèvansyon Bonè (New Jersey Early Intervention System, NJEIS) ak Kolaborasyon Entèvansyon Rejyonal pou Entèvansyon Bonè (Regional Early Intervention Collaboratives, REIC).

- Resous Fanmi AG Bell  
Sit entènèt AG Bell la gen ladan anpil resous pou fanmi ki ta chwazi pou itilize langaj pou tande ak pale.
- Sosyete Ameriken pou Timoun Soud (American Society for Deaf Children, ASDC)\*\*  
Sit wèb ASDC a reflete misyon yo ki se "otonomize divès fanmi ki gen timoun ak jennjan ki soud nan bay yo aksè konplè nan anviwònman ki rich nan langaj gras ak mantora, pledwari, resous ak rezo kolaborasyon".
- Beginnings for Parents of Children who are Deaf or Hard of Hearing, Inc.\*\*  
Beginnings (ki vle di Kòmansman) ofri sipò san patipri pou fanmi ak pwofesyonèl yo. Sit entènèt la gen ladan yon gran varyete resous tankou kominike ak pitit ou, teknoloji, sistèm tande a, ak konekte ak lòt paran yo.

\*\* Disponib nan lòt lang anplis de Anglè



# Gid Resous pou Paran

nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

- **Gid pou Paran CDC a**

Sit entènèt sa a gen ladan yon richès nan enfòmasyon pou fanmi tankou konpreyansyon sou pèt tande, lang ak lòt fòm komunikasyon, ki jan yo pran desizyon, yon diksyonè ki eksplike mo difisil, ak resous adisyonèl.

- **Sant pou Andikap sansoryèl ak konplèks (Center on Sensory and Complex Disabilities)**

Sant New Jersey pou Moun ki Avèg epi soud bay resous pou pwofesyonèl ak fanmi timoun ki gen andikap ki konplèks, tankou soud-avèg.

- **Resous pou Fanmi Clerc Center**

Sitwèb Sant Nasyonal Laurent Clerc pou Edikasyon Moun ki Soud ki chita nan Inivèsite Gallaudet ofri yon seri de resous pou paran ak pou pwofesyonèl sou yon latrerie sijè.

- **Fanmi Enpòtan (NJEIS Kolaborasyon Rejyonal Entèvansyon Bonè)\*\***

Sitwèb Fanmi Enpòtan (Family Matters) la bay enfòmasyon tankou enplikasyon ki genyen lè yon pèdi kapasite swa pou tande, swa yon lòt chwa komunikasyon, epi li kreye nan bibliyotèk resous timoun yo yon anviwònman pou koute ak Langaj Siy Ameriken (ASL) pou fanmi timoun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande.

- **Hands and Voices (Men ak vwa)**

Hands and Voices se yon òganizasyon paran dirije ki sipòte fanmi yo, kèlkeswa mòd komunikasyon an. Sit entènèt sa a gen anpil resous, tankou:

- **Gid Paran pou Entèvansyon Bonè**

- **Fèy Konsèy pou Paran yo: Lang, alfabetizasyon ak devlopman sosyo-emosyonèl**

- **Hearing First**

Hearing First pote resous ak sipò pou fanmi ki te chwazi langaj koute ak pale, ki konsantre sou "jou kritik premye jou byen bonè yo ak sou chimen pou elve pitit yo, chak fwa yo gen kesyon oswa yo jis bezwen konekte ak yon moun".

- **National Center on Deaf-Blindness (Sant Nasyonal pou Soud-avèg (National Center on Deaf-Blindness)**

Sit entènèt sa a ofri resous pou fanmi ak pwofesyonèl yo sou soud-avèg.

- **National Cued Speech Association (Asosyasyon Nasyonal Langaj Replik)\*\***

Sit entènèt sa a ofri resous pou fanmi ak pwofesyonèl ki itilize siy replik (cued speech) pou sipòte konpetans pou tande.

- **Depatman Eta New Jersey pou Resous nan Edikasyon pou Elev ki Soud, Pa Tande byen ak pou Soud-avèg (New Jersey Department of Education Resources for Students who are Deaf, Hard of Hearing or Deaf-Blind)**

Sit entènèt sa a bay fanmi yo ak pwofesyonèl yo nan New Jersey enfòmasyon sou anpil sijè, ki gen ladan Deklarasyon sou Dwa ak Plan Kominikasyon pou Elèv ki Soud, ki Mal pou Tande oswa ki Soud-avèg, ak yon lis pwogram edikasyon ki genyen nan NJ.

\*\* Disponib nan lòt lang anplis de Anglè



# Gid Resous pou Paran

## nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

### • Pòtay pou Fanmi Depatman Edikasyon Eta New Jersey a

Pòtay pou Fanmi yo vle tounen yon kote santral pou bay sipò ak enfòmasyon ki gen rapò ak angajman paran ak fanmi nan aprantisaj ak devlopman elèv yo. Se anplisdesa yon sistèm navigasyon ki fèt pou ede paran yo ak fanmi yo konprann kijan sistèm edikasyon an ap travay nan nivo Eta ak nivo lokal yo. Answit, pòtay la se yon sous lide dinamik pou edikatè ak fanmi ki ap chèche fason pou ranfòse pwogram patenarya yo.

### • Divizyon New Jersey pou Moun ki Soud ak Moun Mal pou Tande

Misyon Depatman Moun ki Soud oswa ki Mal pou Tande (Division of the Deaf and Hard of Hearing, DDHH) Eta NJ se pou bay edikasyon, defans, ak sèvis dirèk pou elimine obstak epi ankouraje yon pi bon aksè nan pwogram, sèvis ak enfòmasyon ki disponib regilyèman pou popilasyon anjeneral Eta a. Bay Tout Moun Menm Chans (Leveling the Playing Field) bay sèvis akizisyon langaj gras ak Asosye Langaj Moun Soud (Deaf Language Associates) ki anseye ASL nan anviwònman gadri, kay fanmi, lekòl matènèl oswa lòt pwogram ki aplikab yo. Ou ka jwenn Konsèy sou chwazi yon sant gadri ak enpòtans ki genyen nan akizisyon langaj pou yon timoun ki soud oswa ki pa tande byen sou paj entènèt Bay Tout Moun Menm Chans la.

### • Sistèm Entèvansyon Bonè Eta New Jersey (NJEIS)\*\*

Sit entènèt sa a bay enfòmasyon detaye sou Sistèm Entèvansyon Bonè Eta New Jersey.

### • Depatman Sante Eta New Jersey: Si pitit ou gen pèt kapasite tande\*\*

Sitwèb sa a bay resous, ki gen ladan ki kalite pwofesyonèl ki ta ka rankontre la, pou fanmi ki gen jèn timoun yo te idantifye kòm soud oswa difisil pou tande.

### • Depatman Sante Eta New Jersey: Tès Depistaj pou Tibebe ki Fèk Fèt\*\*

Fanmi yo ka jwenn enfòmasyon sou tès depistaj pou kapasite tande pou tibebe ki fèk fèt la ak pwosesis la sou sit entènèt sa a. Li gen ladan tou yon videoyo ki bay anpil enfòmasyon ki entwodui fanmi yo ak yon gwoup divès jèn moun ki Soud ak sa ki mal pou tande ki pataje istwa yo.

### • Paran yon timoun ki soud oswa ki pa tande byen

Sitwèb Lopital Nasjonal Rechèch Boys Town (Boys Town National Research Hospital) la bay enfòmasyon sou yon pakèt sijè ki gen ladan tès depistaj invèsel kapasite tande tibebe ki fèk fèt, aparèy pou ede tande, komunikasyon, langaj ak aprantisaj, ak resous pou paran ak sipò.

### • SPAN rezo defans paran yo\*\*

SPAN se yon òganizasyon ki bay resous ak sipò pou fanmi timoun ki gen yon varyete bezwen, ki gen ladan Moun ki Soud oswa ki Mal pou Tande. SPAN ak Deteksyon ak Entèvansyon Bonè Pwoblèm Tande (Early Hearing Detection & Intervention, EHDI) kolabore sou Pwogram Mantò pou Moun ki Soud (Deaf Mentor Program)\*\* ki mete ansanm fanmi yo ak Adilt ki Soud tou.

### • Sant Enfòmasyon sou Fanmi VL2

Sitwèb sa a bay enfòmasyon ki baze sou rechèch syantifik sou ASL pou moun ki bileng pou fanmi ki gen timoun ki soud oswa ki mal pou tande, tankou lekti pou pitit ou ak yon pakèt zouti edikatif pou paran yo.

\*\* Disponib nan lòt lang anplis de Anglè



# Gid Resous pou Paran

nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

## Etap ki enpòtan nan Developman Langaj<sup>1</sup>

Lis verifikasyon Etap Enpòtan nan Developman Langaj (Language Development Milestones checklist) la fèt pou fanmi yo obsève epi kenbe yon dosye sou pwogrè pitit yo. Ou kapab divilge lis tout sa ki nesesè ba ekip edikasyon pitit ou pandan reyinyon yo. Tanpri sonje sa a se pa yon evalyasyon fòmèl nan developman langaj ak alfabetizasyon. Sa ou obsève nan lang reseptif ak ekspresif pitit ou anndan lakay li ka diferan ak sa ki obsève nan anviwònman edikasyon an.

### Premye Ane a

Pandan premye ane yo, ti bebe yo ap gade, aprann, ak anrejistre langaj ki toutotou yo. Menm si ti bebe ou pa toujou pale oswa fè anpil siy pandan premye ane sa a, ti bebe yo absòbe tout mo sa yo oswa siy oswa di yo, kidonk asire ou pale oswa ou kominike ak siy ak ti bebe ou toutan!

### Ant 0 a 3 mwa

- Tibebe ou ap gade toutotou epi li fè atansyon ak figi moun.
- Ti bebe ou souri lè li wè ou.
- Tibebe ou pran konsyans de anviwònman an.
- Tibebe ou rekonèt vwa moun epi reyaji lè li wè mouvman oswa limyè.

Obsèvasyon:

---

---

### Ant 4 a 6 mwa

- Tibebe ou kòmanse babye ak men l ak / oswa vwa l. Tibebe ou ka itilize babye pou l atire atansyon w.
- Tibebe ou kopye mouvman ou ki fèt ak bra, tèt, men ak figi.
- Tibebe ou reponn a chanjman nan ton vwa ou ak/ oswa chanjman nan ekspresyon figi w.
- Tibebe ou eksprime santiman li swa nan fè bwi nan gòj li, swa nan ri ak kriye lè li pou kont li oswa lè li ap jwe avèk ou.
- Tibebe ou gade ou oswa vokalize lè ou siyale oswa di non li.

Obsèvasyon:

---

---



# Gid Resous pou Paran

## nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

### Ant 7 a 12 mwa

- Tibebe ou pwente dwèt li pou montre limenm ak vè lòt bagay toujou.
- Tibebe ou imite epi eksprime premye mo yo oswa siy yo, tankou sa se pa m, plis, lèt, manman, papa.
- Tibebe ou fè mo onomatope (son) tankou tchou tchou, swich, ak bòzz.
- Tibebe ou babye ak enfleksyon / ekspresyon vizaj menm jan ak gramoun epi li eseye imite echanj pawòl nan yon konvèsasyon.
- Tibebe ou demontre atansyon komen (pa egzanp, paran ak pitit ap gade menm objè a).
- Tibebe ou ka di sa diferan ekspresyon vizaj vle di.
- Tibebe ou itilize jès oswa vokalizasyon pou pwoteste ak eksprime emosyon.
- Tibebe ou reponn a yon demann (pa egzanp : vini isit la).
- Tibebe ou konprann mo pou lonmen atik komen (pa egzanp: yon tas, yon soulye, ji) ak non fanmi li.
- Tibebe ou reponn mo "non" anjeneral.
- Tibebe ou byen gade figi moun yo epi obsève anviwònman l an.
- Tibebe ou vire tèt li epi gade lè gen yon bwi oswa nenpòt bagay ki atire atansyon li (pa egzanp: yon men leve, limen / etenn limyè, frape pye).
- Anvan laj 12 mwa, tibebe ou gen 1 a 3 siy ak/ oswa mo.

Obsèvasyon: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Ant 1 a 2 ane

Ant premye ak dezyèm anivèsè nesans yo, ti bebe yo aprann anpil mo epi yo kòmanse mete mo yo ansanm pou fè fraz kout. Men kèk bagay pou gade.

### Langaj ekspresif

- Tibebe ou itilize ekspresyon eksklamatif (pa egzanp, oh-oh, no-no).
- Tibebe ou repete dènye mo gramoun itilize.
- Tibebe ou kominike sa li vle ak bezwen li yo ak yon sèl mo.
- Tibebe ou kòmanse sèvi ak pwonon (pa egzanp: mwen, pa m).
- Tibebe ou kòmanse sèvi ak pwonon (pa egzanp, mwen, pa m).
- Tibebe ou kòmanse itilize fraz ak de (2) mo (pa egzanp: lèt mwen, soulye manman).
- Tibebe ou mande pou fè lekti pou li.
- Tibebe ou make pwòp desen/ majigridi li yo avèk 1-2 mo oswa siy.
- Tibebe ou poze kesyon senp (pa egzanp: Kisa sa?, Ki kote manmi?).
- Tibebe ou pale 1-2 fwa nan yon konvèsasyon.



# Gid Resous pou Paran

nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

## Ant 1 a 2 ane

Obsèvasyon:

---

---

## Langaj Reseptif

- Tibebe ou rekonèt non li lè yon moun di li awotvwa oswa lè yo fè l ak langaj siy.
- Tibebe ou rekonèt non manm fanmi li lè yo di yo awotvwa oswa lè yo fè yo ak langaj siy.
- Tibebe ou konprann kòmann senp (egzanp, Vini la a, Ban mwen li, Chita la a).
- Tibebe ou konprann kèk fòm kesyon senp (egzanp, kilès, kisa, ki kote, wi/non).
- Tibebe ou kapab pwente ak dwèt li sou omwen 5 pati sou kò li oswa sou yon poupe, si yo mande l fè sa.
- Tibebe ou pwente ak dwèt li sou foto yo lonmen sou yon paj.
- Tibebe ou enterese epi renmen istwa senp ki fèt ak rim powezi.
- Tibebe ou kapab rekonèt premye lèt nan non li.
- Tibebe ou rekonèt liv li pito a depi sou kouvèti li.
- Tibebe ou fè tankoul ap "li" liv.
- Tibebe ou kòmanse konprann kijan pou sèvi ak liv (egzanp, li vire anpil paj alafwa, li kenbe liv la nan bon sans lan).

Obsèvasyon:

---

---

## Vokabilè

- Nan laj 2 zan toutopli, tibebe ou gen yon vokabilè ki gen omwens 50 a 100 mo ouyen plis toujou, presipalman etikèt definisyon pou moun, manje, bêt, jwèt ak mo ki dekri yon aksyon.
- Nan laj 2 zan oplita, tibebe ou te kòmanse itilize fraz senp ki gen 2 mo awot vwa oswa ak langaj siy (egzanp, tibebe kriye, plis lèt, kèp mwen, pa ji).

Obsèvasyon:

---

---



# Gid Resous pou Paran

nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

## Ant 2 a 3 ane

Pandan ane sa a, pitit ou pral aprann di epi fè siy langaj siy sitèlman anpil mo, w ap gen difikilte pou sonje tout. Epitou pitit ou pral kòmanse itilize fraz ki pi long ak pi konplike. L ap enteresan pou swiv langaj pitit ou ane sa a!

### Langaj Ekspresif

- Pitit ou nonmen objè/bèt/moun nan foto yo epi an pèsòn lè yo mande li.
- Pitit ou itilize langaj siy oswa li konn di non konplè li, si yo mande li.
- Pitit ou konte jiska 5.
- Pitit ou kapab eksprime oubyen fè siy pou eksplike tout bezwen li yo.
- Pitit ou mande èd lè li bezwen li.
- Pitit ou itilize kòmand a 2 etap (egzanp, chita - manje).
- Pitit ou rakonte eksperyans li yo grasa fraz kout kote frekans itilizasyon yo ogmante plis tan pase.
- Pitit ou resite kèk rim powezi awotvwa oswa ak langaj siy.
- Pitit ou renmen istwa awotvwa oswa ak langaj siy epi li imite aksyon/ekspresyon fasyal pèsonaj yo nan istwa a.
- Pitit ou vèbalize oswa fè langaj siy pou prepozisyon yo (egzanp, anlè, anba).
- Pitit ou eksprime emosyon tankou kontan, tris, fache ak langaj siy oswa mo awotvwa.
- Pitit ou pale oswa fè langaj siy yon fason manm fanmi yo ak zanmi yo kapab konprann anjeneral.
- Pitit ou itilize mo oswa siy ki fè sans (yo ka konprann klèman) 80% nan fwa yo.
- Pitit ou itilize estrikti fraz ki pi senp yo.
- Pitit ou itilize siy oswa mo 'epi/ak'.
- Pitit ou anaplwaye akò sengilye/pliryèl non ak vèb la (egzanp, ti gason a ap mache, ti gason yo ap mache).
- Pitit ou itilize posesif yo (egzanp, pa mwen, pa w).
- Pitit ou itilize tan pase nan fraz yo (egzanp, Manman te kwit manje, Susie te kouri).
- Pitit ou itilize mo ki twò jeneralize (egzanp, li rele tout bêt "tichen").
- Lè li gen 2 zan e demi, pitit ou reponn kesyon Wi oswa Non.
- Pitit ou poze kesyon ki gen 2 mo?
- Pitit ou kòmanse faz kesyon 'poukisa' a.
- Pitit ou poze kesyon "Kimoun".
- Pitit ou itilize pwonon (egzanp, li, nou), ikonpri pwonon pèsonèl (egzanp, mwen, m,) ak pwonon posesif (egzanp, pa li).
- Pitit ou itiize chif + non (egzanp, 2 chen).
- Pitit ou itilize mo senp pou dekri (egzanp, cho, fwa, gwo, piti).
- Pitit ou nonmen omwens twa (3) koulè.
- Pitit ou itilize negatif (egzanp, okenn, no, pa renmen, pa konnen, poko).

Obsèvasyon:



STATE OF NEW JERSEY  
DEPARTMENT OF EDUCATION



# Gid Resous pou Paran

nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

## Ant 2 a 3 ane

### Langaj Reseptif

- Ptit ou konprann kòmand an 2 etap (egzanp, Chita epi li liv la).
- Ptit ou remake (egzanp, li pwente ak dwèt li, li vin eksite) andwa, son tankou videyofòn oswa sonèt pò la k ap flache/sonnen.
- Ptit ou reponn apwoksimativman lè yo mande lokalize yon bagay (egzanp, anndan, sou).
- Ptit ou kòmanse konprann ekspresyon tan (egzanp ayè, jodia).

Obsèvasyon:

---

---

### Vokabilè

- Lè li gen 3 zan oplita, ptit ou gen yon vokabilè 500 mo epi/oswa siy.

Obsèvasyon:

---

---

## Ant 3 a 4 ane

Nan moman sa a, ptit ou deja kapab kominate klèman epi adilt ki konnen li byen kapab konprann sa l ap di anjeneral. Ptit ou konprann pifò sa y ap di awotvwa oswa ak langaj siy. Ptit ou ap itilize fraz ki gen 4 a 5 mo, li kapab repete rim bèsèz ki senp epi li kapab fè konvèasyon ki senp.

### Langaj Ekspresif

- Ptit ou kominke san pwoblèm, klèman epi fanmi a ak adilt li konnen byen konprann li fasilman.
- Ptit ou reponn kesyon yon fason ki lojik.
- Ptit ou itilize fraz ki gen 4 ou 5 mo.
- Ptit ou gen konvèasyon senp kote li pa debòde de sijè a pandan 3 a 4 echanj.
- Ptit ou pale sou bagay ki te rive lekòl la oswa ak zanmi li yo.
- Ptit ou diskite sou liv istwa moun li pou li awotvwa.
- Ptit ou dekri aksyon nan ilistrasyon.
- Ptit ou itilize posesif yo (egzanp, pa mwen, pa w, pa li).



# Gid Resous pou Paran

nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

## Ant 3 a 4 ane

### Langaj Ekspresif

- Ptit ou kapab repete yon rim powezi senp awotvwa oswa ak langaj siy.
- Ptit ou konn eseye li epi ekri.
- Si l ap sèvi ak ASL, ptit ou itiilize klasifikatè pou dekri fason, andwa, direksyon, gwosè, fòm, degre ak entansite.

Obsèvasyon: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Langaj Reseptif

- Ptit ou konprann pifò sa y ap kominike li.
- Ptit ou konprann kesyon "Kiyès?", "Kisa?", "Kikote?", "Poukisa?" ak "Kijan?".
- Ptit ou egzekite 2 a 4 kòmand youn aprè lòt ki san rapò youn ak lòt (egzanp, Chita epi manje lench ou).
- Ptit ou ba ou objè ou nonmen epi ou mande yo.
- Ptit ou pwente ak dwèt lioswa plase objè anlè/anba, anwo/pi ba, dapre sa ou mande l fè a.

Obsèvasyon: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### Vokabilè

- Lè li gen 4 tran oplita, ptit ou itilize 1,500 a 1,600 mo oubyen siy.

Obsèvasyon: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Ant 4 a 5 ane

Nan laj sa a, ptit ou ta dwe kapab itilize fraz kòrèk pou eksprime lide konsènan lepase, prezan ak lavni. Nan fen ane sa a oplita, ptit ou ta dwe konnen anpil milye mo epi/oswa siy.



# Gid Resous pou Paran

nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

## Ant 4 a 5 ane

### Langaj Ekspresif

- Ptit ou sèvi ak langaj siy epi/oswa li eksprime tèt li klèman ak fasilman nan yon fason ki fasil pou konprann.
- Ptit ou itilize fraz ki long ak detaye.
- Ptit ou kapab rakonte istwa li envante ki pa debòde sijè a. (Pou moun ki sèvi ak ASL, ptit ou kapab itilize espas lè l ap rakonte istwa.)
- Pou timoun ki kapab sèvi ak langaj oral, pifò son yo pwononse kòrèkteman, menmsi li gen difikilte ak "r", "v" epi "th".
- Ptit ou fèrim powezi ak mo epi/oswa langaj siy.
- Ptit ou idantife sèten lè ak chif alekri.
- Ptit ou itilize fraz kigen ant 4 a 8 mo/siy.
- Ptit ou itilize "li gen", "li fè", "li te gen".
- Ptit ou itilize "paske...", "lè...", "si...", epi "donk..., nan sibòdone.
- Ptit ou itilize "sa yo" ak "sila yo".
- Ptit ou itilize "anvan" ak "aprè".
- Ptit ou reponn kesyon "Poukisa" ak "Kijan".
- Ptit ou pale oswa fè langaj siy ak emosyon epi langaj kòporèl lè l ap dekri yon evènman oubyen yon aksyon.
- Ptit ou konn fini konvèsasyon an yon fason ki konvnab.
- Ptit ou poze kesyon "Kisa" yo.
- Ptit ou poze kesyon "Kimoun".
- Ptit ou poze kesyon "Kikote" yo.
- Ptit ou poze kesyon "Poukisa" yo.
- Ptit ou poze kesyon "Poukisa èske" yo.
- Ptit ou ka itilize tan pase.
- Ptit ou ka itilize tan fiti.
- Ptit ou itilize fraz nan tan kondisyonèl, tankou nan fraz sa yo:
  - Anglè (Si...alòs...).
  - ASL (fraz chematize).
- Si li sèvi ak ASL, ptit ou itilize senk paramèt ASL yo ki se fòm men an, oryantasyon pom la, anplasman, mouvman ak ekspresyon figi (egzanp, bouton, chat, rena).
- Avèk ASL, ptit ou itilize distribisyon chif, egzanp, lè l ap pale sou fèy pyebwa k ap tonbe -
  - TONBE SENGILYE - Yon fèy tonbe;
  - TONBE PLIRYÈL- Anpil fèy tonbe;
  - TONBE OWAZA - Fèy tonbe detanzantan, isit ak la ba.
- Ak ASL, ptit ou repete mo Wh- yo nan kòmansman ak nan fen kesyon an (egzanp, KIKOTE ALE KIKOTE?). Se sa yo rele mete mete WH an parantèz.
- Ak ASL, ptit ou itilize siy AJAN an (egzanp, KILTIVA-TÈ; PWOFE-SÈ).
- Ak ASL, ptit ou itilize kontinyasyon sijè (topic) la (li kenbe yon siy nan yon men epi li kontinye fè siy ak lòt men an).
- Ak ASL, ptit ou itilize deplasman ak kò li epi rega zye li.



# Gid Resous pou Paran

nan New Jersey pou Timoun ki Soud oswa ki Mal pou Tande

## Ant 4 a 5 ane

### Langaj Ekspresif

Obsèvasyon:

---

---

### Langaj Reseptif

- Ptit ou konprann pifò nan sa yo di li awotvwa oswa ak langaj siy lakay li ak lekòl la.
- Ptit ou prete atansyon pou istwa kout yo.
- Ptit ou renmen istwa epi li kapè konprann kesyon senp yo.
- Ptit ou egzekite kat (4) kòmand ki gen rapò youn ak lòt nan lòd.
- Ptit ou konprann bahay ki sanblab (egzanp, bagay ki vole, bagay ou manje, bagay ou mete).
- Ptit ou konprann konsèp tan (egzanp, lajounen/nlannwit) ak sezon nan lane.
- Ptit ou konprann mo ki rime.
- Ptit ou pwente ak dwèt li oswa li plase bagay devan, aprè, anlè, anba, lè yo mande l fè sa.

Obsèvasyon:

---

---

### Vokabilè

- Ptit ou itilize omwen 2,500 mo epi/oswa siy.
- Ptit ou kòmande sans mo ak siy yo.
- Ptit ou itilize mo deskriptif (egzanp, di, dous, pa bon).
- Ptit ou mete konsèp sekansaj ansanm (pi piti rive nan pi gwo a; pi long rive nan pi kout la).
- Ptit ou nonmen kategori (egzanp, pizza, anmbègè kòm manje).

Obsèvasyon:

---

---

<sup>1</sup>Adapte epi itilize avèk pèmisyon Language Development Milestones ki te devlope pa komisyón California SB 210 pou timoun ki Soud oswa ki di pou tande, ki gen ant zewo (0) ak senk (5) lane.

